



01/03/2023

Chè Pwopriyetè,

Lè a rive pou renouvle Enskripsyon pou Lokasyon ou an(yo)!

[Ou kapab renouvle enskripsyon ou an sou entènèt isit la.](#)

Nimewo lwaye ou ak non itilizatè ou: [Lisans]

Ou pa sonje modpas ou a? [Reyajiste li isit la.](#)

Kijan pou mwen renouvle enskripsyon mwen yo?

Nimewo lwaye ou ak non itilizatè ou: [Lisans]

- Konekte ak kont ou an [isit la](#)
- Chwazi "Modifye, Renouvle, oswa Fèmen yon Enskripsyon ki deja egziste"
- Chwazi "Rechèch"
- Chwazi "Renouvle" pou modifye enskripsyon w lan.
- Chwazi "Frè" pou fè yon pèman pou pwopriyete yo chwazi yo

Pran yon ti tan pou w klike sou Modifye Kont sou bò gòch ekran an pou asire w enfòmasyon kontak ou kòrèk. W ap resevwa yon imèl k ap konfime w renouvèlman w lan fin fèt.

Pwosesis renouvèlman an fini sèlman lè estati pwopriyete a di "renouvle."

[Klike la a pou kapab jwenn èd pou w konplete pwosesis sa a!](#)

[Kesyon yo Poze Souvan](#)

Poukisa ou resevwa imel sa a?

Si w lwe pwopriyete nan vil Boston, ou oblije anrejistre chak apatman nan Divizyon Lojman Depatman Sèvis Enspeksyon Vil la. Apatman w lan (yo) anrejistre, men tout anrejistreman yo dwe renouvle chak ane. Enskripsyon w lan (yo) aktyèlman ap tann pou li renouvle epi frè yo peye anreta.

Si w pa renouvle enskripsyon w yo, sa pral lakòz amann. Tout pèman yo ka fèt sou entènèt pandan w ap sèvi avèk yon kont kouran oswa yon kat kredi. Tanpri sonje pèman sou entènèt yo obligatwa pou enskripsyon 10 apatman oswa plis.

Remak: Pa kreye yon nouvo kont si ou deja genyen youn. Ou p ap kapab renouvle pwopriyete ki deja egziste sof si ou gen aksè a kont ki te itilize pou anrejistre yo okòmansman, epi tout pwopriyete ou posede oswa ap jere dwe anba menm kont. Ou dwe ranpli pwosesis renouvèlman an endividyèlman pou chak pwopriyete ki anrejistre. Tanpri sonje verifye detay enskripsyon yo epi mete ajou tout enfòmasyon ki te chanje depi dènye renouvèlman ou an.

Si w gen kesyon, voye yon imèl pou nou nan rentalprogram@boston.gov oswa rele nou nan 617-635-5300.